**REZYUME.** Ushbu maqolada o‘zbek xalq raqslarini sahnalashtirish fanidan olgan bilimlarini umumlashtirishi. Xoreografik san’at asarini sahnalashtirishda bilim, yondashuv va kasbiy ko‘nikmalardan iborat bo‘lgan baletmeysterlik sirlari.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье обобщены знания, полученные в области постановки узбекских народных танцев. Балетмейстерские секреты, состоящие из знаний, взглядов и профессиональных навыков в постановке хореографического художественного произведения.

**SUMMARY.** This article summarizes the knowledge gained in the field of staging Uzbek folk dances. Balletmaster's secrets consisting of knowledge, attitudes and professional skills in staging a choreographic art work.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

# REJISSYOR – M.ÚSENOV

**Jabbarbergen Xojanov -** *docent*
**Mexriban Xojanova -** *ağa oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** teatr, aktyor, rejissyor, spektakl, sahna, dekoratsiya, obraz, dramaturgiya, xudojnik, tragediya, komediya, repertuar.

**Ключевые слова:** театр, актёр, режиссёр, спектакль, сцена, декорация, образ, драматургия, художник, трагедия, комедия, репертуар.

**Key words:** theater, actor, direktor, performance, dekor, image, dramaturgy, tragedy, comedy, repertoire.

Rejissyor saxna shığarmasın jaratıw barısında teatrdıń barlıq komponentlerin birlestiredi hám tuwrı jolğa bağdarlaydı. Rejissyor bul maqsetke óziniń tiykarğı pikirin, ideyasın jarıqqa shığarıw, pyesanıń saxnalıq kórinisi ústinde jumıs alıp baratuğın dóretiwshilik ansambldi basqarıw arqalı erisedi. Bul process professionallıqtı talap etedi. Mine usı professionallıq rejissyorlıq óneriniń rawajlanıw procesindegi sheshiwshi basqısh bolıp tabıladı. Demek rejissyor dramaturgtiń ortağa taslağan ideyasın óz kóz-qarası, óz fantaziyası arqalı bórttirip, teatr jámáátiniń kúshi menen bir pútin saxnalıq shığarma etip jaratıp, tamashagóy názerine usınadı. Biz búgin usınday qıyın da mashaqatlı kásipti tańlağan Berdaq atındağı qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrınıń rejissyorı Marqabay Úsenovtıń dóretiwshilik xızmetlerine toqtap ótpekshimiz. M.Úsenov teatrda «shığa shapqan» jas talant iyeleriniń biri. Ol teatrdağı dáslepki qádemin K.Raxmanovtıń «Jaralı júrekler» tragediyasındağı Orınbay rolin atqarıwdan baslağan edi. Ózbekstan xalıq artisti, Berdaq atındağı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, rejissyor Nájimatdiyn Ańsatbaev jas akteyordıń atqarıwshılığında ayrıqsha bir sheberlikti ańlap onı usı rolge múnásip dep tabadı. Jas aktyor ustazdıń hárbir kórsetpelerin puqtalıq penen orınlap bul roldi kámine keltirip atqarıp shıqtı. Solay etip jas talant iyesiniń teatrda taslağan dáslepki qádemi sátli boldı. Bunnan keyin oğan rejissyorlar jetekshi rollerdi isenip tapsıra basladı. Bariton dawısqa iye aktyor N.Dáwqaraevtıń «Alpamıs» muzıkalı dramasında Alpamıs, S.Xojaniyazovtıń «Súymegenge súy-kenbe» muzıkalı dramasında Áwez, K.Raxmanovtıń «Edige» tariyxıy dramasında Edige, Q.Mátmuratovtıń «Berdaq» muzıkalı dramasında Berdaq, Q.Zaretdinovtıń «Tumaris» operasında Áskerbası, A.Begimov, T.Allana-zarovlardıń «Ǵárip ashıq» muzıkalı dramasında Hákimzada wázir qusağan jigirmadan aslam hár qıylı rollerdi tabıslı atqarıp shıqtı.

Aktyor saxnada dóretken rolleriniń jetiskenliklerine marapatlanıp ketpedi de, ózin aspannıń jetinshi qabatında júrgendey sezbedi de. Endi onı «ózim saxnalıq dóretpe jaratsam» degen oy kúndiz-túni jatsa-tursa mazalaytuğın edi. Aqırı ol rejissura atlı iláhiyda dúnyağa qádem taslawğa bel bayladı. Bul jolda oğan Qaraqalpaqstanğa xızmet kórsetken artist rejissyor Sársen Uzaqbergenov ustazlıq etip jol-joba kórsetti. Nátiyjede Qoshqar Narqabıldıń «Gúl almağan gózallar» spektakline rejissyorlıq etip ózin kórsetti. Ustazı menen birge qoyğan birinshi spektakli tabıslı shıqtı. Endi M.Úsenov rejissurada nıq qádem taslay basladı. K.Raxmanovtıń «Muhabbat samalı» spektaklinde de rejissyor

dramaturgtiń aldıǵa qoyǵan ideyaların ayqın shtrixlar arqalı tamashagóyge jetkize bildi. Qaraqalpaq teatrında rejissuranıń ólpeń samalınıń esip, teatrda ustazlar jolı menen barıp óz jolın tapqan jańa rejissyordıń payda bolǵanınan derek bere basladı. Spektakl Tashkent qalasında ótkerilgen «Seni jırlaymız zamanlas!» atlı Ózbekstan teatrlarınıń respublikalıq kórik-tańlawında úshinshi orındı iyelewiniń ózi jas rejissyor ushın úlken jetiskenlik boldı. Al teatr menen ustazları bolsa onıń kelesheginen úlken úmit kútedi.

Endi rejissyor óz ústinde tınbay izlenip, rejissura dúnyasına tereń kirip barıwǵa háreket etti. 2018 jılı «Ullı jazıwshı hám mámleketlik ǵayratker Shıńǵıs Aytmatovtıń tuwılǵanınıń 90 jıllıǵın keń belgilew haqqında»ǵı Prezidentimiz qararı qabıl etildi. Jas rejissyor Sh.Aytmatov shıǵarmasın qolǵa alıwǵa bel bayladı. Dáslepkide bul ullı jazıwshınıń shıǵarmasına qol urıwǵa júreksinbey tursa da «sheshingen suwdan tayınbas» degendey táwekel etiwdi maqul kórdi. Sh.Aytmatovtıń «Jámiyla» povestin saxnaǵa arnap ózi inscenirovkaladı.

Sh.Aytmatov shıǵarmaları prozalıq usılda jazılǵan bolsa da, olarda haqıyqıy dramaturgiyaǵa tán tárepleri bar. Bul qaharmanlar háreketleriniń izshilliginde, mazmun kórinisiniń obrazlı formasında, qaharmanlardaǵı háreketli monologlarda kózge taslanadı. Avtordıń túsinikleri teatrǵa júdá jaqın. Dóretiwshi shıǵarmalarına tán ótkir syujet, kúshli ishki ruwxıy hádiyseler ádette saxna shıǵarması ushın zárúr bolǵan komponentlerden esaplanadı. Rejissyor Sh.Aytmatovtıń shıǵarmasın qolǵa alıp, oǵan inscenirovka avtorı sıpatında birqansha ózgertiwler kirgizedi. M.Úsenov dóretken inscenirovka povesti qaytalamaydı, biraq tiykarǵı ideya saqlanıp qalınǵan. Rejissyor povestiń mazmunın keńirek kórsetiw ushın ózine tán usıldı tańlaydı. Personajdaǵı ayırım uzın-uzın sózler bólip-bólip taslanıp, olardı dramalıq háreket penen kúsheytiwge háreket etilgen. Bunnan basqa, waqıya-hádiyseler bir tegis gúrriń etilmesten bir jaǵdaydan ekinshi jaǵdayǵa alıp ótiliw arqalı shıǵarmadaǵı pútinlik saqlanǵan. Bulardıń barlıǵı dramalıq háreketti belgili dárejede kúsheytiwge, shıǵarmanıń saxnagóyligin támiyinlewge imkan beredi. Spektakl Sadıq (artist A.Akimov) penen Ospannıń (artist A.Muratbaev) tóbelesinen baslanadı. Olardı awıldıń jası úlkeni Orazımbet (artist D.Qudaybergenov) kelip arashalaydı. Sadıq báygide Jámiyladan jeńilip qaladı, soǵan arı kelip onı alıp qashadı. Sonlıqtan Jámiyla onı jaqsı kórmeydi. Tiykarǵı itibar muhabbat liniyasına qaratıladı. Mine usı muhabbat liniyasına anıqlıq kirgiziw ushın rejissyor waqıyanı Ospan menen Sadıqtıń arasındaǵı qarama-qarsılıqtan baslaydı. Sebebi Ospan da Jámiylanı jaqsı kóredi. Usı aralıqta Sadıq urısqa ketedi. Jámiylanı jaqsı kóretuǵın úshinshi bir adam payda boladı. Ol - Daniyar (artist Á.Nazarımbetov). Endi qarama-qarsılıqlar Daniyar menen Ospannıń arasında júz bere baslaydı. Bul shıǵarmada ne ushın Jámiyla (artistka M.Mámbetmuratova) óziniń kúyewi bola tura Daniyar menen qashıp ketedi degen soraw tuwıladı? Bul jerleri biziń mentalitetimizge tuwrı kelmeydi álbette. Al, tiykarında Jámiyla menen Sadıqtıń arasında basta muhabbattıń ushqını da júz bermegen. Haqıyqıy muhabbat Daniyar menen Jámiylanıń arasında payda bolıp ol lawlaǵan jalınǵa aylanadı. Sonlıqtan Jámiyla muhabbat otına sharpılıp, átirapqa kóz jumıp Daniyar menen ketiwge májbúr boladı. Rejissyor shıǵarmanı qolǵa alǵan menen Jámiyla rolin kámine keltirip oynaytuǵın aktrisa tabıw múshkil is boldı. Bul rol jas aktrisa Miyrigúl Mámbetmuratovaǵa tapsırılǵanda gúmanlanıp «bas shayqaǵanlar» da boldı. Biraq aktrisa rol ústinde tınbay izlenip, miynet etiwiniń arqasında jaqsı nátiyjelerge erise aldı. Sh.Aytmatovtıń konfliktleri ótkir, xarakterleri kúshli. Mine tap usı qásiyetlerdiń barlıǵı insannıń sezimlerine birden tásir etedi. Teatr olardı insanlarǵa jetkeriwde kóplegen áhmiyetli súwretlew qurallarına iye. Rejissyor usı qurallardı sheberlik penen óz ornında paydalana alǵanı ushın da bul saxnalıq shıǵarmanı shıǵarıwǵa aktyorlarda qala berse pútkil teatr jámáátinde qızıǵıwshılıq arttı. Shıǵarma qaharmanlarınıń turmısı qanshama dramalıq waqıyalarǵa bay bolıp, olardaǵı shadlıq hám quwanısh háp zamatta táshwish penen almasıp, geyde úmitsizlikke tússe de, tamashagóy barlıq hádiyselerdi durıs bahalaydı. Sol sebepten de bul shıǵarmada aldıǵa qoyılǵan ideyalardı tamashagóyge jetkiziwde teatrdıń imkaniyatları kúshli. Bul jerde Jámiyla menen Seyittiń bir-birine bolǵan múnásibetleri de tamashagóylerde qızıǵıwshılıq sezimlerin oyatadı. Seyit ele «awzınıń sarısı» ketpegen jas bozbala, jeńgesine degen húrmeti bálent, biraq jeńgesi kútilmegen sheshim qabıllaǵanında da oǵan qarsı shıqpaydı, biraq qıymaydı. Endi ne qılıw kerek? Buǵan Seyit juwap taba almaydı. Qaharman menen birge tamashagóy de juwap taba almaydı, ishinen qıynaladı. Jámiyla «Sen barlıǵın túsineseń. Meyli meni jaman kór…biraq júrekke buyrıq berip bolmas eken. Bir kún kelip sen meni álbette túsineseń. Xosh bol». Mine usı Seyit penen Jámiylanıń xoshlasıw paytındaǵı sezimleri kimniń de bolsa kózine erksiz jas aldıradı. Seyittiń «Jámiylanıń hújdanı pák, júregi taza. Ol óz

muhabbatın qádirledi, tek ǵana onı túsiniwimiz kerek» degen sózleri menen muxabbat qıssası tamalanadı. Al tamashagóy muhabbat dúnyasına tereń shúmgen halda qaladı. Seyit rolin teatrdıń jas aktyorı Dástan Baymurzaev sheberlik penen atqarıp shıqqan. Óziniń jasınan anaǵurlım kishi jastaǵı bozbalanıń obrazın jaratıw aktyordan úlken sheberlikti talap etedi. Aktyor bul obrazdıń maǵızın tereń ashıp beriw arqalı tamashagóylerdiń júrek tórinen jıllı orın iyelegen. «Jámiyla» spektakli Tashkent qalasında Ózbekstan milliy akademiyalıq drama teatrı, Muqimiy atındaǵı muzıkalı drama teatrı, Rus akademiyalıq drama teatrı saxnalarında qoyılıp tashkentli tamasha-góylerdiń alǵıslarına sazawar boldı.

## Ádebiyatlar

1. B.Sayfullaev, T.Bayandiev. “Qaraqalpaq teatrı tariyxı” T. “Fan ziyosi”. 2023.
2. CH.Aytmatov. «Jamila». Povest. M. Xud.lit.1988.

**REZYUME.** Rejissyor saxna shıǵarmasın jaratıw barısında teatrdıń barlıq komponentlerin birlestiredi hám tuwrı jolǵa baǵdarlaydı. Rejissyor bul maqsetke óziniń tiykarǵı pikirin, ideyasın jarıqqa shıǵarıw, pyesanıń saxnalıq kórinisi ústinde jumıs alıp baratuǵın dóretiwshilik ansambldi basqarıw arqalı erisedi. Bul process professionallıqtı talap etedi. Mine usı professionallıq rejissyorlıq óneriniń rawajlanıw procesindegi sheshiwshi basqısh bolıp tabıladı.

**РЕЗЮМЕ.** Режиссёр при создании сценического произведения все компоненты составляющие театра концентрируя направляет на правильный путь. Этой цели режиссер достигает, руководя творческим ансамблем, работающим над реализацией своей главной идеи, замысла, сценической постановкой пьесы. Этот процесс требует профессионализма. Именно этот профессионализм считается решающим этапом в процессе развития режиссерского искусства.

**SUMMARY.** When creating a stage play, the Director directs it to the right path, concentrating all the components of the theater. The director achieves this goal by implementing his main thought, idea, by leading a creative ensemble that works on the stage appearance of the play. This process requires professionalism. At the same time, the development of the art of directing this professionalism is considered a decisive stage in the prosessin.

## TEATRDÍŃ TOQSAN TOǴÍZÍNSHÍ MÁWSIMI

**Mexriban Xojanova -** *aǵa oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** teatr, aktyor, rejissyor, kompozitor, opera, libretto, sahna, dekoratsiya, orkestr, dirijyor, baleytmeyster, obraz, dikciya, xudojnik, raqs, original, kolorit, motiv.

**Ключевые слова:** театр, актер, режиссер, композитор, опера, либретто, сцена, декорация, оркестр, дирижер, балетмейстер, образ, дикция, художник, танца, оригинал, колорит, мотив.

**Key words:** theatre, actor, director, composer, opera, libretto, stage, decoration, orchestra, conductor, baleithmeister, image, diccias, goddess, dance, original, colorite, motif.

Qaraqalpaq xalqınıń ullı shayırı, ataqlı sóz zergeri Ájiniyaz Qosıbay ulınıń tuwılǵanınıń 200 jıllıq torqalı merekesi YUNESKO qararı menen xalıqaralıq kólemde belgileniwiniń ózi shayır dóretiwshiliginiń klassik dárejede ekenliginen derek beredi. Usı múnásibet penen Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıkalı teatrı N.Muxammeddinovtıń «Ájiniyaz» operasın araǵa 37 jıl salıp qayta saxnalastırdı. Bul operanıń qayta saxnalastırılıwınıń tiykarǵı sebebi xalıqtıń arasında ásirese jaslar arasında ullı shayırdıń ómir jolına onıń dóretiwshilik xızmetlerine degen qızıǵıwshılıq kún sanap artıp barmaqta. Shayır tulǵasınıń teatr saxnasında payda bolıwınıń ózi tamashagóylerde teatrǵa degen úlken bir qızıǵıwshılıq payda etetuǵını anıq. Operanıń tuńǵısh saxnalastırılıwı qaraqalpaq kórkem ónerindegi úlken bir jańalıq bolıw menen birge, muzıka óneri de professionalizmge jol alıp taǵı da bir bálent shoqqıǵa kóterilgenin óz waqtında dálillegen edi. Al operanıń bul qoyılıwı sońǵı buwın jaslardıń operaday kórkem ónerdiń qıyın da mashaqatlı janrın emin-erkin meńgere alatuǵının dálilledi. Opera qoyılıwınıń jańa quramı shayır basıp ótken qıyın da mashaqatlı jollar, sol dáwir aǵımı, shayırdıń qorshaǵan ortalıqqa degen kóz-qaraslarınıń barlıǵın saxnada anıq hám ayqın kórsetip bere aldı. Teatr